# Demografiyalıq jaǵday

**(dáslepki maǵlıwmatlar)**

**Turaqlı xalıq sanı.** Qaraqalpaqstan Respublikası turaqlı xalqınıń sanı 2020-jıl 1-aprel jaǵdayına 1903,9 mıń adamdı qurap, 2020- jıl basınan 5,5 mıń adamǵa yáki 0,3 %ǵa ósti. Sonnan, qala xalqı sanı 933,2 mıń adamdı (jámi xalıq sanındaǵı úlesi 49,0 %), awıllıq jerdegi xalıq sanı 970,7 mıń adamdı (51,0 %) quradı.

**Itibar beriń:**
**2020- jıl yanvar- mart**

- Xalıq sanı jıl basınan **5,5** mıń **adamǵa** kóbeydi.
- Tiri tuwılǵanlar sanı **8,2** mıń **balani** quradı.
- Qaytıs bolǵanlar sanı **1,9** mıń **adamdi** quradı.
- PXAJ bólimlerinde **3,7** mıń **neke** hám **0,3** mıń ajırasıwlar dizimge alındı.

Yanvar- mart aylarında

Jıl basına turaqlı xalıq sanı **1898351** adam (2020- jıl 1-yanvar jaǵdayına)

\+

**Tiri tuwılǵanlar sanı 8249 bala** − **Qaytıs bolǵanlar sanı 1908 adam** = Tábiyǵıy ósim **6341** adam

\+

**Kóship kelgenler sanı 2500 adam** − **Kóship ketkenler sanı 3311 adam** = Mexanikalıq ósim (kemeyiw) **-811** adam

Turaqlı xalıq sanı **1903881** adam (2020- jıl 1-aprel jaǵdayına)

## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha turaqlı xalıq sanı

*(1-aprel jaǵdayına miń adam)*

| | *2019 j.* | *2020j.* | *Ótken jılǵa salıstırǵanda ósim páti, %* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1 875,5** | **1903,9** | **101,5** |
| Nókis q. | 316,2 | 321,0 | 101,5 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 195,9 | 199,8 | 102,0 |
| Beruniy | 188,4 | 192,0 | 101,9 |
| Bozataw | 21,5 | 21,6 | 100,5 |
| Qaraózek | 52,4 | 52,8 | 100,8 |
| Kegeyli | 71,9 | 72,6 | 101,0 |
| Qońırat | 128,7 | 130,3 | 101,2 |
| Qanlıkól | 50,4 | 51,1 | 101,4 |
| Moynaq | 31,4 | 31,9 | 101,6 |
| Nókis | 49,4 | 50,4 | 102,0 |
| Taqıyatas | 73,1 | 74,0 | 101,2 |
| Taxtakópir | 39,9 | 40,2 | 100,8 |
| Tórtkúl | 211,1 | 215,0 | 101,8 |
| Xojeli | 121,4 | 123,0 | 101,3 |
| Shımbay | 111,5 | 112,4 | 100,8 |
| Shomanay | 55,7 | 56,2 | 100,9 |
| Ellikqala | 156,6 | 159,6 | 101,9 |

**Rayonlar kesiminde turaqlı xalıq sanınıń bólistiriliwi**
(2020- jıl 1-aprel ja ǵ dayına, respublika jámi xalqına salıstır ǵ anda, %da)



**Tuwılıw.** 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında 8,2 mıń bala tuwılǵan bolıp (bul jerde hám bunnan keyin tuwılǵanlarǵa tekǵana tiri tuwılǵanlar inabatqa alınǵan), sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda tuwılıw koeffitsiyenti 17,5 promilleni quradı hámde 2019 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,2 promillege kemeygenligi (2019 jıldıń yanvar-mart aylarında 17,7 promille bolǵan) gúzetildi.



**Rayonlar kesiminde tuwılǵanlar sanı hám koeffitsiyenti**
(2020-jıl yanvar-mart)



**Qaytıs bol ǵ anlar.** 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında 1,9 mıń ólim gúzetilgen bolıp, sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstır ǵ anda ólim koeffitsiyenti 4,0 promilleni quradı, 2019-jıldıń sáykes dáwirine salıstır ǵ anda 0,2 promillege kóbeygen (2019 jıldıń yanvar- mart aylarında 3,8 promille bol ǵ an).

**Rayonlar kesiminde qaytıs bolǵanlar sanı hám koeffitsiyenti (2020-jıl yanvar-mart)**




2020-jıldıń yanvar-mart aylarında gúzetilgen qaytıs bolǵanlardıń 59,7 %i qan aylanıw sisteması keselliklerinen, 11,3 %i ósimtelerden, 5,5 %i baxıtsız hádiyse, záhárleniw hám jaraxatlanıwlardan, 3,2 %i awqat sińiriw aǵzaları keselliklerinen, 5,7 %i dem alıw aǵzaları keselliklerinen, 0,9 %i juqpalı hám parazitli keselliklerden hámde 13,7 %i basqa keselliklerden qaytıs bolǵan.

Dizimge alın ǵ an 1 jasqa shekemgi qaytıs bol ǵ an balalar sanı 0,1 mıńdı qurap, olardıń 64,5 %i - perinatal dáwirde júzege keletu ǵ ın ja ǵ daylardan, 15,9 %i dem alıw a ǵ zaları keselliklerinen, 5,1 %i tuwma anomaliyalardan, 4,3 %i - baxıtsız hádiyse, záhárleniw hám jaraxatlanıwlardan, hám 10,2 %i -basqa keselliklerden qaytıs bol ǵ an.

**Tiykarǵı ólim sebepleri boyınsha qaytıs bolǵanlardıń bólistiriliwi**
**(2020-jıl yanvar-mart jaǵdayına, jámi qaytıs bolǵanlarǵa salıstırǵanda, %)**



## Rayonlar kesiminde tiykarǵı ólim sebepleri boyınsha qaytıs bolǵanlardıń bólistiriliwi

*(jámi qaytıs bolǵanlarǵa salıstırǵanda, %)*





**Tábiy ǵ ıy ósim.** 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında xalıqtıń tábiy ǵ ıy ósimi 6,3 mıń adamdı qurap, 2019-jıl sáykes dáwirine salıstır ǵ anda 0,1 mıń adam ǵ a (2019 jıldıń yanvar- mart aylarında 6,4 mıń adam bol ǵ an) kemeygen.

**Neke**. 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında PXAJ organları tárepinen 3,7 mıń neke dizimge alındı, sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda neke dúziw koeffitsiyenti 7,8 promilleni quradı.



Dúzilgen nekeler sanı 2019 jıldıń sáykes dáwirine salıstır ǵ anda joqarı ósim pátleri Kegeyli (21,1 %), Qanlıkól (21,0 %), Moynaq (20,9 %), hám Beruniy (12,2 %) rayonlarina tuwrı kelmekte.

**Rayonlar kesiminde neke dúzgenler sanı hám koeffitsiyenti**

(2020- jıl yanvar- martr jaǵdayına, 1000 xalıqqa salıstırǵanda, promille)



**Nekeden ajırasıwlar.** 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında PXAJ organları tárepinen 0,3 mıń nekeden ajırasıwlar dizimge alınǵan bolıp, sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda nekeden ajırasıw koeffitsiyenti 0,7 promilleni quradı.

Ajırasıwlar sanında 2019 jıldıń sáykes dáwirine salıstır ǵ anda joqarı ósim pátleri Shomanay (2,20 márte ósti), Shimbay (2,10 márte ósti) hám Qaraózek (2,0 márte ósti) rayonlarina tuwrı kelmekte.

**Rayonlar kesiminde nekeden ajırasıwlar sanı hám koeffitsiyenti**

(2020-jıl yanvar-mart ja ǵ dayına, 1000 xalıqqa salıstır ǵ anda, promille)






**Migratsiya.** 2020-jıl yanvar-mart aylarında respublika boyınsha kóship kelgenler sanı 2,5 mıń adamdı (2,4 mıń adam respublika aymaqlarınan, 0,1 mıń adam sırt el mámleketlerinen), kóship ketkenler sanı bolsa 3,3 mıń adamdı (2,6 mıń adam respublika aymaqlarına, 0,7 mıń adam sırt el mámleketlerine) quradı. Migratsiya saldosı minus 0,8 mıń adam bolıp, 2019-jıldıń sáykes dáwirinde minus 0,6 mıń adam bol ǵ an.

**Xalıq migratsiyası** (mıń adam)

| | 2019-jıl yanvar-mart | 2020-jıl yanvar- mart |
|---|---|---|
| Kóship kelgenler | 3,2 | 2,5 |
| Kóship ketkenler | 3,8 | 3,3 |
| Migratsiya saldosı | -0,6 | -0,8 |

Migratsiya saldosınıń joqarı dárejesi Shımbay (minus 188 adam), Kegeyli (minus 142 adam) ham Qaraózek (minus 111 adam) rayonlarinda gúzetildi.

Migratsiya saldosınıń unamlı dárejesi Nókis qalasinda (plus 156 adam) gúzetildi.



**Paytaxttaǵı demografiyalıq jaǵday.** Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı Nókis qalasınıń turaqlı xalıq sanı 2020-jıl 1 aprel jaǵdayına 321,0 mıń adamdı qurap, 2020- jıl basınan 1,4 mıń adamǵa yaki 0,4 % ǵa ósken.

**Nókis qalası xalqınıń tábiyǵıy háreketi**
(1000 xalıqqa salıstırǵanda, promille)

| 2019-jıl yanvar-mart | | 2020-jıl yanvar-mart |
|---|---|---|
| | Tuwılıw | |
| 16,1 |  | 19,5 |
| | Ólim | |
| 4,0 |  | 4,1 |
| | Tábiyǵıy ósim | |
| 12,1 |  | 15,4 |

2020-jıldıń yanvar-mart aylarında 1,6 mıń bala tuwılǵan bolıp, sáykes túrde tuwılıw koeffitsienti 1000 xalıqqa salıstırǵanda 19,5 promilleni quradı hám 2019-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 3,4 ke (2019 jıldıń sáykes dáwirinde 16,1 promille bolǵan) ósti.

2020-jıldıń yanvar-mart aylarında 0,3 mıń adam qaytıs bolǵan bolıp, sonnan 39 i 1 jasqa shekemgi qaytıs bolǵan balalar sanına tuwrı kelmekte. Ólim koeffitsienti 4,1 promilleni qurap, 2019 jıldıń sáykes dáwirinde 4,0 promille bolǵan).

Paytaxt xalqınıń tábiyǵıy ósimi 1,2 mıń adamdı qurap, 2019- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,3 mıń adamǵa ósiwi (2019-jıldıń sáykes dáwirinde 0,9 mıń adam bolǵan) gúzetildi.

PXAJ organlarında 2020-jıldıń yanvar-mart aylarında 524 neke hám 82 nekeden ajırasıwlar dizimge alındı. 1000 xalıqqa salıstırǵanda neke dúziw koeffitsienti 6,6 promilleni qurap, 2018 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,5 ge kemeydi. (2019-jıldıń sáykes dáwirinde – 7,1 promille bolǵan).

Nekeden ajırasıw koeffitsienti 1000 xalıqqa salıstırǵanda 1,0 promilleni qurap, 2019- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,1 ge kemeydi. (2019-jıldıń sáykes dáwirinde 1,1 promille bolǵan).

**Nókis qalasında dúzilgen neke hám ajırasıw**
(1000 xalıqqa salıstırǵanda, yanvar-mart jaǵdayına, promille)




**Demografiya hám miynet statistikası bólimi**
*(71) 230-82-18*
*(61) 222-76-57*